

Sa ou dwe konnen sou tès san pou TB a

Fè tès depistaj epi trete pou tibèkiloz (TB) ka pwoteje tèt ou, fanmi w ak zanmi w yo, epi kominote w la. Gen de kalite tès pou enfeksyon TB: tès san pou TB ak tès po pou TB. Fèy enfòmasyon sa a bay enfòmasyon sou tès san pou TB a.

Tès san pou TB

Tès san pou TB (yo rele tou tès liberasyon entèferon-gama oubyen IGRA) itilize yon echantiyon san pou chèche konnen si w enfekte ak mikwòb TB. Tès yo mezire kijan sistèm iminitè w la reyaji lè yon ti kantite san w melanje ak pwoteyin TB.

Tès san BCG ak TB

Bacille Calmette-Guérin (BCG) se yon vaksen pou maladi TB. Jeneralman, yo pa itilize vaksen an Ozetazini. Yo bay li bay tibebe ak timoun piti nan peyi kote TB komen. Li pwoteje timoun yo pou yo pa pran fòm grav maladi TB aktif, tankou menenjit TB.

Di founisè swen sante w la si w te pran vaksen kont TB a, sitou si w ap fè tès pou enfeksyon TB. Vaksen an ka lakòz yon reyaksyon fo pozitif nan tès po pou TB. Tès san pou TB yo se tès yo pi pito pou moun ki te pran vaksen BCG pou TB a.

Yon rezilta tès san pozitif pou enfeksyon TB vle di ou gen mikwòb TB nan kò ou. Nou bezwen fè lòt tès ak yon evalyasyon pou detèmine si moun nan gen enfeksyon inaktif oswa maladi Tibèkiloz aktif. Apeprè 10% nan moun ki gen enfeksyon Tibèkiloz ap pwogrese pou maladi Tibèkiloz aktif nan kèk pwen nan lavi yo.



Sa ou dwe konnen sou tè s po pou TB a

Fè tè s depistaj epi trete pou tibèkilo z (TB) ka pwoteje tè t ou, fanmi w ak zanmi w yo, epi kominote w la. Gen de kalite tè s pou enfeksyon TB: tè s san pou TB ak tè s po pou TB. Fèy enfòmasyon sa a bay enfòmasyon sou tè s po pou TB a.

Tè s po pou TB

Tè s po pou TB a, ke yo rele tou tè s po tibèkilin, ka sèvi pou konnen si w enfekte ak mikwòb TB yo. Yon travayè swen sante ap sèvi ak yon ti zegwi pou enjekte likid tè s la (yo rele tibèkilin) anba po a nan pati anba anndan bra w la.

Aprè ou fin fè tè s po pou TB a

Aprè tè s la, ou ta dwe evite mete pansman, mete losyon, oswa grate zòn tè s la paske sa ka afekte rezilta yo. Ou ka lave zòn nan ak dlo, men pa siye oswa fwote. Si zòn nan ap grate, mete yon kib glas oswa yon twal frèt sou li.

Aprè 2 ou 3 jou, ou dwe retounen pou yon travayè swen sante li tè s po ou a. Ou ka gen yon anflamasyon oswa yon boul kote yo te enjekte likid tè s la. Travayè swen sante a pral mezire boul la oswa anflamasyon an epi l ap di w si reyaksyon tè s po ou a pozitif oswa negatif.

Si ou pa kapab retounen nan 2 a 3 jou, ou ap bezwen repete tè s po a ankò.

